

Plan pou relouvri lane lekòl 2021-2022

Reimajine ekselans ak distenksyon nan lekòl piblik Linden

Sipèentandan gen dwa pou li chanje tout infòmasyon dapre sa Gouvènè a, Depatman Edikasyon an Depatman Sante Piblik New Jersey a Sante pou kontwòl ak prevansyon Maladi ak komisyon Sante nan Union County a di.

Reouvri 2021-22

Lekòl Piblik Linden ap tann ane lekòl 2021-2022 avek anpil siksè! Nou anvi retounen nan nòmal apre yon ane ki te deranje pa yon ansèyman vityèl ak ibrid men nou dwe rekonèt ke pandemi Covid 19 la toujou.

Gid sa yo eseye mache avek instriksyon ke nou bay elèv nou yo pou nou kapab fè edikasyon yo konsènan swen ak pwoteksyon ke yo bezwen. Tanpri komanse abitye ou ak plan pou lekòl la reouvri, epi voye nenpòt kesyon nan liy dirèk nou an oswa nan imèl nou an: LPSreopen2021@lindenps.org

Apèsi sou lekòl la

- Tout lekòl yo ap louvri pou enstriksyon an pèsòn, senk jou pa semèn.
- Yo pral bay manje midi . Lekòl yo pral kontwole epi yo ka pote chanjeman nan manje midi a oswa nan orè a.
- Pwogram avan ak apre lekòl yo pral rekòmanse pandan ke nou pral swiv konsèy New Jersey ba nou konsènan kantite elèv ke nou kapab genyen nan yon sal.
- Tout anplwaye ak elèv yo pral oblije mete yon mask andedan lekòl yo. (Gade anba a pou plis detay.)
- Tout plan yo ka chanje selon direksyon otorite sanitè leta ak lokal yo.
- Chak lekòl ap bay gid pa yo.

Anvinwònman pou edikasyon

- Salklas yo pral fèt pou kapab kenbe distans youn ak lòt ak kalite lè ke yo pral respire a selon gid ki soti nan depatman sante pou kontwòl ak prevansyon maladi (CDC).
- Chak salklas yo pral ekipe ak de aparèy pou netwaye lè a ki pral pèmèt fenèt yo fèmen nan ka ta fè fret oswa gen move tan. Ap genyen dezenfektan pou men yo ap disponib nan koulwa , salklas ak biwo yo.
- Yap netwaye biwo yo aprè chak klas epi chanjman klas nan lekòl elemantè yo pral limite.
- Pèsònèl netwayaj yo ap dezenfekte pwen kontak yo pandan tout jounen lekòl la.
- Ansèyman vityèl yo ap disponib sèlman nan ka ou elèv la oblije nan karantèn.

Mask

- Tout anplwaye, elèv ak vizitè yo oblije mete yon mask andedan lekòl yo mem si ou vaksinen Mem jan ke gouvènè Murphy egzije li nan dekrè Egzekitif nimewo 251 an ak Konsèy lekòl nan New Jersey.

- Mask yo obligatwa nan otobis lekòl yo kelkeswa sitiasyon vaksinasyon an, jan CDC egzije li.
- Nou pa bezwen mete mask lè nap manje, ni pou ale deyò pou rekreasyon, oswa espò.
- nou enkouraje tout moun pou yo mete mask ki konfòtab. Ap genyen mask disponib tou sou deman.
- Pandan jounen an nap kapab retire mask nou yo pou nou kapab pran yon repo rapid.
- Nou pral konsidere ka elèv ki genyen pwoblèm sante yo tou.

Karantèn

- Anplwaye ak elèv ki pran vaksen yo pa oblije rete en karantèn apre yon kontak sere, sof si yo montre sentòm Covid_19.
- Elèv ak anplwaye ki pa vaksinen yo pral bezwen rete en karantèn pandan 14 jou si kontak rechèch yo detèmine ke yo te gen kontak sere avèk yon moun ke yo sispèk oswa ki genyen COVID-19.
- Kondisyon karantèn yo ka chanje sa pral depan ki kantite moun ki infekte nan Kominote a.

Vaksinasyon

- Tout anplwaye yo dwe pran vaksen kont COVID-19 nan dat 18 oktòb 2021 oswa yo dwe fè tès yon fwa oswa de fwa pa semèn dapre lòd Govènè Murphy pasè .
- Elèv ki gen 12 an ak plis ki pran vaksen an epi prezante kat vaksinasyon yo bay enfimyè lekòl yo ant 1ye septanm ak 29 oktòb ap resevwa pizza nan **Pies on Stiles**. Yo pral patisipe tou nan yon raf ki genyen yon iPad, yon kreyon Apple ak yon AirPods.

Vwayaj

- Anplwaye ak elèv ki pran vaksen yo pa dwe mete yo an karantèn apre yo fin vwayaje.
- Nou konseye anplwaye ak elèv yo ki pa vaksinen pou yo swiv gid CDC pou vwayaj domestic oswa entènasyonal yo.

Prezans

- Règleman distri a konsènan twòp absans pa chanje epi li aplike pou tout elèv yo.
- Lè nap revise prezans yo nou ap pran an konsiderasyon konsiderasyon tout elèv ki genyen pwoblèm medikal.
- Anplwaye ak elèv ki malad oswa montre sentòm COVID-19 dwe rete lakay yo.

Aktivite siplemantè

- Elèv ki nan espò nan Kolèj ak LHS ap gen yon pwogram konplèt
- Nou pap chèke tanperati pou atlèt yo oswa pou antrenè yo avan yo jwè oswa avan yo komanse antrenman.
- Lè yon jwè oswa yon antrenè ki vaksinen gen kontak avèk yon moun ki teste pozitif li kapab kontinye patisipe. Si yon jwè oswa yon antrenè pa vaksinen epi li gen kontak sere ak yon moun ki teste pozitif lap bezwen rete nan karantèn . (Gade kondisyon karantèn ki anwo yo.)
- Aktivite aprè lekòl yo ap rekòmanse pandan nap swiv gid pou nou pòte mask epi kenbe distans nou .

Byenveni epi pase yon bon ane!